

BAB V

PANUTUP

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran ngeunaan kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023, ieu di handap mangrupa hasil kacindekana.

- a. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh maké modél pangajaran *Numbered Heads Together* (*pretest*) kagolong kana kategori kurang, kalawan rata-rata peunteunna 46,05. Dumasar kana aspék kamapuh nulis aksara swara jeung aksara ngalagena, siswa kagolong kana katégori cukup, kalawan rata-rata peunteunna 1,8 tina skor maksimal 3. Hartina masih aya kénéh siswa anu kurang paham dina nulis aksara swara jeung aksara ngalagena luyu jeung kaédah-kaédahna. Dina aspék kamampuh nulis rarangkén, siswa kagolong kana katégori kurang, kalawan rata-rata peunteunna 1,02 tina skor maksimal 3. Hartina kamampuh nulis tina aspék rarangkén, siswa loba kénéh anu salah dina panulisan rarangkén aksara Sunda. Dina aspék kamampuh nulis aksara Angka, siswa kagolong kana katégori kurang, kalawan rata-rata peunteunna 1,2 tina skor maksimal 3. Hartina kamampuh nulis tina aspék aksara Angka, siswa loba kénéh anu salah dina panulisan aksara angka. Dina aspék karapihan tulisan, siswa kagolong kana katégori kurang, kalawan rata-rata peunteunna 1,4 tina skor maksimal 3 Hartina kamampuh nulis tina aspék karapihan tulisan, loba kénéh panulisan siswa anu kagolong can rapih dina nulis aksara sunda. Ku kituna, nilik tina hasil *pretest*, siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023 kagolong kana katégori can tuntas.
- b. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023 sanggeus maké modél pangajaran *Numbered Heads Together* (*posttest*) kagolong kana kategori hadé, kalawan rata-rata peunteunna 85,7. Dumasar kana aspék kamapuh nulis aksara swara jeung aksara ngalagena, siswa kagolong kana katégori hadé, kalawan rata-rata peunteunna 2,4 tina skor maksimal 3. Hartina kamampuh nulis tina aspék aksara swara jeung aksara ngala

gena, siswa geus bisa jeung mampuh dina nulis aksara Swara jeung aksara Ngalagena sok sanajan masih aya kénéh saeutik kasalahan dina panulisanna. Dina aspék kamampuh nulis rarangkén, siswa kagolong kana katégori hadé, kalawan rata-rata peunteunna 2,2 tina skor maksimal 3. Hartina kamampuh nulis tina aspék rarangkén, siswa geus bisa jeung mampuh dina nulis rarangkén aksara Sunda sok sanajan masih aya kénéh saeutik kasalahan dina panulisanna. Dina aspék kamampuh nulis aksara Angka, siswa kagolong kana katégori hadé, kalawan rata-rata peunteunna 2,9 tina skor maksimal 3. Hartina kamampuh nulis tina aspék angka, siswa geus bisa jeung mampuh dina nulis aksara angka sok sanajan masih aya kénéh saeutik kasalahan dina panulisanna. Dina aspék karapihan tulisan, siswa kagolong kana katégori hadé, kalawan rata-rata peunteunna 2,7 tina skor maksimal 3. Hartina kamampuh nulis tina aspék karapihan tulisan, siswa geus kaasup kana katégori rapih sok sanajan masih aya kénéh saeutik panulisan anu kurang rapih. Ku kituna, nilik tina hasil *posttest*, siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023 kagolong kana katégori tuntas.

- c. Dumasar panalungtikan anu geus dilaksanakeun, uji sipat data anu digunakeun nyaéta uji *Shapiro-Wilk*, anu meunangkeun hasil peunteun *pretest* kagolong kana katégori normal kalawan nilai sig. 0,538 anu hartina leuwih gedé ti 0,05, ari peunteun *posttest*na kagolong kana katégori teu normal kalawan nilai sig. 0,001 anu hartina leuwih leutik ti 0,05. Kusabab data *posttest*na teu normal ku kituna uji hipotésis dilaksanakeun ngaliwatan uji *non-parametric Wilcoxon*. Dumasar uji *Wilcoxon* nilai sig. (Asymp. Sig. 2-tailed) nyaéta $0,00 < 0,05$, ku kituna H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung hasil *posttest*. Ku kituna bisa di cindekkeun yén modél *Numbered Heads Together* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X C SMA Angkasa Bandung Taun Ajar 2022/2023.

5.2 Implikasi

Larapna modél pangajaran *Numbered Heads Together* dina kamampuh nulis Aksara Sunda miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Dina prak-prakanna siswa jadi leuwih aktif tur interaktif jeung babaturanna, siswa jadi leuwih kréatif, sarta siswa jadi leuwih mikir kritis kusabab ieu modél dilarapkeun kalawan

diskusi kelompok (*cooperative learning*). Modél pangajaran kelompok leuwih éféktif kusabab siswa diajar diskusi dina ngaréngsékeun pasualanana.

5.3 Rékomendasi

Aya sababaraha rékomendasi sangkan panalungtikan keur kahareupna leuwih hadé, saperti ieu di handap.

- a. Modél pangajaran *Numbered Heads Together* dipiharep bisa jadi salasahiji alternatif pikeun guru dina nepikeun pangajaran nulis aksara Sunda
- b. Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina panalungtikan nulis aksara Sunda nu ngagunakeun modél pangajaran *Numbered Heads Together*, diantaranya: (1) panalungtik kudu maham kana léngkah-léngkah modél pangajaran *Numbered Heads Together*; (2) kudu pintér ngokolakeun waktu; (3) ngarancang pangajaran kalawan bener tur sistematis; sarta (4) kudu bisa nyiptakeun suasana atawa kaayaan kelas anu matak ngirut pikeun diajar aksara Sunda.

Dipiharep ayana panalungtikan anu leuwih jero deui ngeunaan modél pangajaran *Numbered Heads Together*, boh dina ngaronjatkeun kamampuh maca atawa ngaregepkeun, boh dina metodé panalungtikan anu séjén, sabab dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan saperti ngagunakeun métode ékspérimén murni sangkan hasil dina nguji modél pangajaran *Numbered Heads Together* bisa leuwih jembar deui.